



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 25 MILYON DOLA DISPONIB POU ÒGANIZASYON
K AP FÈ FAS A KRIM RAYISANS AK VYOLANS SIBLE**

Gouvènè a te fè anons nan premye Somè Inite nan New York, ki reyini gwoup kominotè, lidè relijye ak fòs de lòd k ap travay ansanm pou elimine rayisans k ap ogmante

Somè Inite a te gen ladan tou diskou Gouvènè Adjwen Antonio Delgado, ansyen Pwokirè Jeneral Ameriken Loretta Lynch ak lòt lidè lokal

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon lòt 25 milyon dola pral disponib pou òganizasyon yo ki gen risk sibi krim rayisans ak vandalis. Li te fè anons nan premye Somè Inite nan New York, yon rankont plis pase 500 Nouyòkè nan tout eta a k ap reprezante gwoup kominotè, lidè relijye ak ekspè sekirite piblik yo pou pataje pèspektiv yo sou fason New York ka reyini pou konbat vag rayisans k ap ogmante

"Se moman desizif nou - yon moman pou nou kanpe tankou yon sèl New York epi fè sa klè ke pa gen okenn plas pou rayisans nan kominote nou yo". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te fyè pou m konvoke premye Somè Inite New York la pou reyini ekspè prensipal k ap travay pou konbat rayisans ak prejije. Nan travay ansanm, mwen konnen nou ka rann eta sa a pi sekirite ak pi akeyan pou tout moun".

"Nan Somè Inite jodi a nou te reyini lidè yo, defansè dwa moun ak aktivis ki soti toupatou nan monn lan pou yon jounen refleksyon ak re-angajman pou travay n ap fè nan New York pou elimine rayisans", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Finansman sa a pral pote resous ak sipò dirèkteman bay patnè kominotè yo k ap konstwi yon eta ki pi inifye ak toleran. Mwen onore pou m sèvi kòm Prezidan Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije epi sipèvize travay sa a alavni".

Pandan diskou li yo nan Somè Inite a, Gouvènè Hochul te anonse 25 milyon dola pral disponib atravè bidjè ane fiskal 2024 la pou sipòte òganizasyon yo k ap sèvi kominote yo ki gen gwo risk krim rayisans ak vandalis. Finansman sa a pral dedye pou ede òganizasyon yo amelyore mezi sekirite yo nan kote ki vilnerab yo ak sipòte fòmasyon, kanpay sansibilizasyon piblik ak lòt efò sansibilizasyon atravè eta a. Bidjè 2024 la gen ladan tou 3.5 milyon dola nan finansman pou Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije a, kote travay la gen ladan kowòdinasyon 10 konsèy rejyonal ki konvoke pou abòde

diferan prejije ak difikilte atravè Eta New York. Tout 10 konsèy reyjonal yo te fòme epi pral kòmanse reyini nan semèn k ap vini an.

Somè Inite a te gen ladan tou remak enpòtan ansyen Pwokirè Jeneral Ameriken Loretta Lynch. Panèl yo te gen ladan "Eta Rayisans nan New York", ki gen ladan lidè Ajans Eta k ap diskite efò yo pou konbat krim rayisans, "Travay Ansanm pou Konbat ak Anpeche Rayisans nan Kominote Nou Yo", ki gen ladan lidè kominotè Jwif, AAPI, Mizilman, Sikh, LGBTQ+, Ispanik ak Afwo-Ameriken ak "Kijan Pati Konsène Federal, Eta ak Lokal yo ap Konbat Rayisans". Jounen an te fini avèk diskou Gouvènè Adjwen Antonio Delgado ki dirije Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije nan Divizyon Dwa Moun Eta New York la.

Depi li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te fè konbat krim rayisans ak prejije tounen yon priyorite. Nan mwa desanm 2022, Gouvènè Hochul [te devwale](#) nouvo Inite Prevansyon Rayisans ak Prejije Divizyon Dwa Moun lan. Nan mwa novanm 2022, li [te siyen](#) de nouvo lwa k ap reprime agresè krim rayisans yo ak kreye yon nouvo kanpay divèsite ak tolerans nan tout eta a. Nan bidjè ane fiskal 2023, Gouvènè Hochul te fè gwo [chanjman](#) nan lwa sou liberasyon sou kosyon yo pou elaji elijibilite pou arestasyon ak elijibilite pou liberasyon sou kosyon pou residivis ak krim rayisans yo.

Tout Somè Inite a disponib pou gade [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418